

Estewoyid Aspire ak Maladi Opresyon

Lè opresyon ou rechite, pasaj lè ou anfle epi li chaje ak flèm.
Medikaman estewoyid aspire ede evite rechitman opresyon.

Remèd Estewoyid Aspire pou Opresyon

- Se remèd pou kontwòl ou pran chak jou alontèm selon fason doktè a di pou ou pran li.
- Se remèd ki rekomande kòm remèd ki efikas epi ki byen tolere lakay timoun ak granmoun ki bezwen remèd kontwòl alontèm.
- Ede diminye anflamasyon gòjèt la.
- Ede diminye touse ak asoufle.
- Ale dirèkteman nan gòjèt nan poumon yo.
- Diminye bezwen pou medikaman ki bay soulajman rapid yo.



Yon Aparèy Aspiratè ki Konte Dòz yo

Remèd Estewoyid Oral pou Opresyon

- Yo sèvi pou trete rechitman opresyon ki modere ak grav pou yon tan kout.
- Se remèd ki bay soulajman rapid (se pa pou kontwole).
- Yo ede ou santi w pi byen pi vit.

Estewoyid Anabolik

Genyen estewoyid ki sèvi pou ede moun gen pi gwo miskilati. Yo rele yo estewoyid anabolic. Yo pa menm ak estewoyid ki sèvi pou trete opresyon.

Pale avèk doktè ou konsènan estewoyid aspire, si li ka ede w kontwole opresyon ou.